

# Kisa pwogram Aprann travay la ye?

## Aprann travay Learning to Work (LTW)

LTW se yon pwogram konplè pou prepare elèv pou travay e pou anvizaje gen yon karyè. Objektif pwogram “Aprann travay” la se :

- Ede elèv yo devlope aptitud ki nesèsè pou yo fini lekòl segondè, pou yo jwenn travay, epitou pou yo gen sikses nan travay yo
- Ogmante konesans elèv yo onivo opsyon yo genyen pou karyè ak kolèj
- Ede elèv yo planifye pou fè eksperyans valab apre lekòl segondè

## Pwogram LTW ak GED yo ofri elèv diferan kalite èd, tankou :

### Èd akademik

- Leson patikilye akademik
- Èd pou prepare egzamen

### Konsèy

- Konsèy endividiyèl
- Kou fòmasyon angwoup
- Èd pou rezoud pwoblèm
- Èd pou rive atenn objektif pèsònèl

### Fòmasyon pou travay ak karyè

- Aktivite pou prepare elèv pou travay ak envizaje yon karyè
- Kouman pou ekri yon rezime
- Estaj fòmasyon peye oswa gratis
- Èd pou jwenn travay

### Preparasyon pou rantre nan kolèj

- Sesyon enfòmasyon sou kolèj
- Fowòm kolèj
- Vizit nan kolèj ak inivèsite
- Èd pou ranpli aplikasyon ak fòm pou èd finansye

## KI KOTE NOU SITYE

### Bronx

Pwogram GED a tan pasyèl avèk Pwogram Aprann travay 5è30—8è30pm

Adlai Stevenson High School

1980 Lafayette Avenue

John F. Kennedy High School

99 Terrace View Avenue

Herbert Lehman High School

3000 East Tremont Avenue

James Monroe Educational Campus

1300 Boynton Avenue

### Brooklyn

Pwogram GED a tan pasyèl avèk Pwogram Aprann travay

5è30—8è30pm

Abraham Lincoln High School

2800 Ocean Parkway

Pwogram GED a plen tan avèk Pwogram Aprann travay

8è00am—2è40pm

Downtown Brooklyn Access GED

69 Schermerhorn Street

East Brooklyn Access GED

6565 Flatlands Avenue

### Manhattan

Pwogram GED a tan pasyèl avèk Pwogram Aprann travay

3è45—8è00pm

Community Prep High School

40 East 29th Street

Pwogram GED a plen tan avèk Pwogram Aprann travay

8è00am—2è40pm

Manhattan Access GED

269 West 35th Street

### Queens

Pwogram GED a tan pasyèl avèk Pwogram Aprann travay

5è30—8è30pm

John Adams High School

101-01 Rockaway Boulevard

## Elèv kalifye ka asiste klas nan nenpòt lokal



MICHAEL R. BLOOMBERG, Mayor  
JOEL I. KLEIN, Chancellor  
JOELLEN LYNCH, Chief Executive Officer

T&I-8797 (Haitian Creole)

Èske w enterese pran yon diplòm ekivalan lekòl segondè?

# GED

Fòmasyon nan domèn Edikasyon Jeneral General Educational Development (GED)

Enskri w nan pwogram a plen-tan (lajounen) oswa a tan pasyèl (leswa) pou prepare w pou egzamen GED Leta Nouyòk

Estaj fòmasyon

Reflechi sou posiblite pou gen yon karyè oswa pou

chwazi yon kolèj college option

Plis chwa pou lavni w

# GED avèk LTW

Aprann travay

## Kisa GED ye?

### Egzamen GED a

Fòmasyon nan domèn Edikasyon jeneral

Pou yon moun pran yon Diplòm ekivalan lekòl segondè Leta Nouyòk, li dwe fè bèl nòt nan egzamen GED. Egzamen GED a gen senk diferan matyè. Biwo sèvis ki responsab egzamen GED nan *American Council on Education* mete egzamen an adispozisyon adilt ki pa diplome nan lekòl segondè. Nan Leta Nouyòk, yo bay egzamen GED a ann angle, panyòl, ak franse.

### Elèv k ap pran egzamen GED a dwe prepare tout matyè yo

Egzamen GED a fèt sou menm matyè ke elèv yo etidye nan lekòl segondè. Senk matyè yo se : Redaksyon ak lekti sou Lang ak Literati, Syans sosyal, Syans, ak Matematik. Nan senk matyè yo, yo evalye konpetans elèv yo pou li ak analize enfòmasyon, rezoud pwoblèm, epi byen kominike.

**Pase egzamen GED a se premye etap ki pral pèmèt ou jwenn nouvo opòtinite nan lavi w. Moun nan antrepriz prive ak nan gouvènman k ap anplwaye w, ansanm ak anplwaye nan biwo ki pou admèt ou nan kolèj ak nan inivèsite ka itilize diplòm sa a pou evalye aplikasyon w.**

## Ou gen plis Chwa

### Jwenn Pwogram GED Pwogram GED plen tan nan Pwogram LTW

Access se yon pwogram edikatif a tan plen ki fèt pou elèv ki vle chwazi opsyon pwogram **Aprann travay** tankou estaj fòmasyon peye ak posiblite pou anvizaje karyè alòke y ap posede konesans akademik pou pase egzamen GED e enskri nan kolèj. Yon pwogram sa yo kominote a *community-based organization* (CBO) ki se yon kolaboratè, nan lokal nou a, travay avèk tout elèv yo pou fikse ak atenn objektif akademik patikiye, pou jwenn kote pou travay, e pou reyalize objektif pèsònèl yo.

### LTW/GED avèk LTW

LTW pou pran GED se yon pwogram a tan pasyèl ki konbine ansèyman akademik DOE ofri avèk sèvis pou prepare elèv pou travay, pou gen yon karyè, ak pou fè aktivite rechèch pou detèmine yon kolèj pou ale, estaj fòmasyon peye, ak sèvis èd ke yon CBO ofri.

### LTW/GED nan Community Prep

Grasa kolaborasyon avèk Center for Alternative Sentencing and Employment Services (CASES), pwogram a tan pasyèl sa a ofri jenn adilt yo opòtinite pou yo pran GED yo pandan y ap fè tranzisyon nan edikasyon yo apre lekòl segondè oswa nan yon anvivonman travay.

## Kisa ki pi bon pou ou?

### Tan pasyèl?

Elèv la dwe gen :

- ant laj 18 ak 20 lane
- Kapab ale nan kou 4 swa pa semèn

### Plen tan?

Elèv la dwe gen :

- ant laj 18 ak 20 lane
- Kapab ale nan kou 5 jou pa semèn

## ÈSKE W ENTERESE?

Kontakte yon Pwogram LTW GED toupri lakay ou (Adrès yo nan do paj sa a)

**POU ENFÒMASYON SOU KOTE POU W KONTAKTE AK DÈNYE NOUVÈL SOU LTW GED, ALE SOU SIT :**

<http://schools.nyc.gov/Offices/OMPG>

## Pran GED w a plen tan

## Pran GED w a tan pasyèl

## Diplòm ekivalan lekòl segondè